

BWOCHI POU MANM OU A CHANJE POU ENKLI MIZAJOU KRITÈ ELIJIBILITE YO POU NOUVO MANM AK ANSYEN MANM KI TE KITE EPI RE-ENSKRI NAN YON PLAN MANAGED LONG-TERM CARE (MLTC)

Pou nouvo moun ki enskri yo, apati **1ye septanm 2025**, kritè kalifikasyon pou antre nan Pwogram plan MLTC Partial Capitation (MLTCP) egzije pou yo evalye yon moun kòmkiwa li bezwen sèvis ak sipò kominotè alontèm (CBLTSS) pou plis pase 120 jou ak Kondisyon Minimòm Bezwen sa yo:

- omwen èd limite pou manevwe fizikman avèk plis pase de aktivite lavi chak jou (ADL); oswa
- moun ki gen yon dyagnostik Demans oswa Alzayme, ke yo evalye kòm moun ki bezwen omwen sipèvizyon avèk plis pase yon ADL

Si ou te enskri nan nenpòt Plan MLTC anvan 1ye septanm 2025, ou pa pral afekte pa nouvo Kondisyon pou Bezwen Minimòm lan nan re-evalyasyon an toutotan ou rete enskri nan nenpòt plan MLTC. Si ou kite pwogram MLTC a epi ou vle retounen antre ankò, ou pral bezwen satisfè kritè kalifikasyon ki an plas pou enskripsyon nan MLTC nan moman ou retounen nan plan an.

Si ou gen nenpòt kesyon, tanpri rele VNS Health MLTC nan 1-888-867-6555 (TTY: 711).

Ekip Swen ou a
1-888-867-6555 (TTY: 711)
Lendi – Vandredi, 9 am – 5 pm